Charity

Chimiro Chepamusoro-soro cheRudo

Zvinhu zvenyu zvose ngazviitwe norudo.
1 VaKorinte 16:14

Kunyange ndikataura nendimi dzevanhu nedzevatumwa, kana ndisina rudo, ndakaita sendarira inorira, kana chigwagwagwa chinongwerengwedza.

Kunyange ndine chiporofita, ndichinzwisisa zvakavanzika zvose, neruzivo rwose; uye kunyange ndine rutendo rwose, kuti ndibvise makomo, ndisina rudo, handisi chinhu.

Kunyange ndagovera varombo zvose zvandinazvo, kunyange ndikaisa muviri wangu kuti ndipiswe, ndisina rudo, hazvindibatsiri chinhu.

Rudo rwune moyo murefu, rwune unyoro; rudo harwuna godo; rudo harwuzvikudzi, harwutututumadzwi, harwuzvibati zvisakafanira, harwuzvitsvakiri zvarwo; harukurumidzi kutsamwa, harufungi zvakaipa; harwufari mukusarurama, asi rwunofara muchokwadi; Runoshivirira zvinhu zvose, runotenda zvinhu zvose, rune tariro pazvinhu zvose, runotsungirira zvinhu zvose.

Rudo harwutongokundikani; asi kana zviri zviporofita, zvichakundikana; kana dziri ndimi, dzichaguma; kana kuri kuziva, kuchanyangarika.

Nekuti tinoziva muchidimbu, uye tinoporofita muchidimbu; Asi kana zvakakwana zvasvika, izvo zviri muchidimbu zvichashayiswa maturo. Ndichiri mucheche, ndaitaura semucheche, ndainzwisisa semucheche, ndaifunga semucheche; asi pandakava murume, ndakabvisa zvinhu zvemwana. Nekuti ikozvino tinoona nepachioni-oni madzedzerera; asi nenguva iyo tichatarisana zviso zvakatarisana; asi ipapo ndichaziva sezvandinozivikanwawo.

Ikozvino rutendo, tariro, rudo, zvitatu izvi, ndizvo zvinogara; asi chikuru chezvizvi rudo.

1 VaKorinte 13

Rindai, mirai nesimba murutendo, itai sevarume, musimbe. Zvinhu zvenyu zvose ngazviitwe norudo.
1 VaKorinte 16:13-14

Naizvozvo pfekai sevasanangurwa vaMwari, vatsvene nevanodikamwa, moyo yetsitsi, moyo munyoro, kuzvininipisa mufungwa, unyoro, nemoyo murefu; muchiitirana moyo murefu, nekukangamwirana, kana munhu ane mhosva neumwe; Kristu sezvaakakukangamwirai, muite saizvozvo nemiwo. Uye pamusoro pezvinhu izvi zvose fukai rudo, ndicho chisungo chekuzadzisa. Nerugare rwaMwari ngarwutonge mumoyo yenyu, ndirwo rwamakadanirwawo mumuviri mumwe; uye ivai vanovonga. **VaKorose 3:12-15**

Nyasha kwamuri nerugare runobva kuna Mwari Baba vedu naIshe Jesu Kristu. Tinosungirwa kuvonga Mwari nguva dzose pamusoro penyu, hama, sezvazvakafanira, nekuti kutenda kwenyu kunokura zvikuru, norudo rwenyu mose kuno mumwe nomumwe runowanda; Naizvozvo isu tomene tinozvirumbidza mamuri mukereke dzaMwari pamusoro pemoyo murefu wenyu, nerutendo mukushushwa kwenyu kose nematambudziko amunotsunga maari:
2 VaTesaronika 1:2-4

Zvino chinovavarira murairo rudo runobva pamwoyo wakachena, napahana yakanaka, napakutenda kusina nhema;
1 Timotio 1:5

Nekuti naizvozvo isu tose tinoshanda nesimba, nekushorwa, nekuti tinovimba naMwari mupenyu, unova Muponesi wevanhu vose, zvikuru waavo vanotenda. Raira zvinhu izvi udzidzise. Ngakurege kuva nomunhu unozvidza uduku hwako; asi uve muenzaniso wevanotenda, pashoko, pamufambiro, parudo, paMweya, parutendo, nepautsvene. Kusvikira ndauya, shingaira pakuverenga, pakuraira, pakudzidzisa. **1 Timotio 4:10-13**

Asi muimba huru hamuna midziyo yendarama neyesirivha chete, asiwo yamatanda neyevhu; vamwe kukudzwa, uye vamwe kusakudzwa. Naizvozvo kana munhu achizvinatsa pazvinhu izvi, uchava mudziyo unokudzwa, wakaitwa mutsvene, wakakwanira basa ratenzi, wakagadzirirwa basa rose rakanaka. Tiza kuchiva kweuduku, asi utevere kururama, rutendo, rudo, rugare, pamwe nevanodana kuna Ishe zvichibva pamoyo wakachena. Asi mibvunzo yeupenzi neyekusadzidza urambe, uchiziva kuti inomutsa kukakavara. **2 Timotio 2:20-23**

Asi kuguma kwezvinhu zvose kwava pedo; naizvozvo svinurai murinde mumunyengetero. Uye pamusoro pezvinhu zvose dananai nerudo rwusingaperi, nekuti rudo ruchafukidzira zvivi zvizhinji. Gamuchiranai zvakanaka musinganyunyuti. **1 Petro 4:7-9**

Uye naizvozvo muchishingaira zvikuru, wedzerai kunaka pakutenda kwenyu; napakunaka zivo; napakuziva kuzvidzora; napakuzvidzora, kutsungirira; napakutsungirira uMwari; napakunamata Mwari rudo rwehama; naparudo rwehama rudo. Nekuti kana zvinhu izvi zviri mamuri, uye zvichiwanda zvichakuitai vanhu vasina usimbe navasingashaiwi zvibereko paruziva Ishe wedu, Jesu Kristu. **2 Petro 1:5-8**